

## ЗАГЪДÆН Æ СÆР КУ НÆ БАЛÆДÆРАЙ, УÆД ИН Æ КЪÆДЗЕЛÆН МА АРГЪ КÆНÆ!

*Саади ШИРАЗИ, рагон персайнаг поэт: «Зундгин лæгæн æнæгъдау адæми ’хсæн æ зæгъуйнаг зæгъун ку нæ бантæса, уæд уобæл ма фæддестæ кæнетæ: гъесин фæндури цагъд дæр нæ райгъусдзæнæй, барабантæ гæбаргубур ку кæнонцæ, уæд; уардей тæф дæр бодæни æсмагæй æрбайсæфуй...» Гъе уотæ хумæтæг адæми рæстади фæдбæл загъд ахид нæ райгъусуй, ка ’й гъæуама фегъоса, уони æсхъæлдзурди ауунæй...*

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№26 (995) 2025 анзи 12 июль – сосæни мæйæ

Аргъ 1 туман



# НÆ АБОНИ АХЕДГÆ АРХАЙД – НÆ ИСОНИБОНИ ХУÆРЗУАГÆН!..

*Нæ абониккон цардиуаги æнæмæнгæ райаразуйнаг фарстати фæдбæл бæлвурд гъуддæгутæ æнхæстгонд ке цæуй, е, дзубанди дæр ибæл нæййес, хуарз æй. Фал никки хуæздæр ба е æй, æма етæ ’нцæ зингæ фæрæзнæ, цæмæй нæ исонибон уа зæрдæмæдзæугæдæр... Гъе уæхæн иссæй, нæ республики Сæргълæууæг Сергей Меняйло Парламенти æмбурди ци доклад искодта, Цæгат Иристони нуртæкки социалон-экономикон уавæри æма идарддæри райрæзти сæйрагдæр нисанти, уæдта республики Хецауади 2024 анзи архайди бæрæггæнæнти туххæй айразмæ цуппæрæни Парламенти æмбурди ци доклад искодта, уой сæйрагдæр гъуди. Республики разамонæг æ радзубандий бæлвурдæй æркастæй социалон-экономикон еугур къабæзти, культурон царди, фæсевæдон политики, алли адæмихæттити минæвæртти æма аллихузон динтæ æнхæстгæнæг дзиллити ’хсæн æнгомдзийнади федар кæнуни æма æндæр ахсгиаг фарстатæмæ.*

*Уонæбæл дзубанди кæндзинан нæ газети идарддæри номерти, абони ба цубуртæгондæй мухур кæнæн Сергей Меняйлой доклад (2-аг фарсбæл).*

### НÆ УОДВАРНИ ГЪОМУСАДИ СÆРБÆЛТАУ АРХАЙУНÆЙ ИХÆСГИН АН ЕУГУРÆЙ ДÆР

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2025 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 394 СОМИ 38 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 345 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР ИУАРÆГ ПОСТХÆСГУТÆМÆ ДÆР**

### АРФÆ КÆНÆН!..



## «ЗÆРДРОХС ДÆН!..»

Махæй алкæмæн дæр, æнæмæнгæ, фæууй уæхæн зонгæ адæймæгутæ æма си, кедæр кой уотид ку фегъосай, уæддæр дæ цæститæбæл æ сорæт æнæрауайгæ нæ фæуудзæнæй, дæ зæрдæмæ цидæр æхцæуæндзийнади æскъæрнæг æнæниххаугæ нæ уодзæнæй... Барæ-æнæбари дæр бацийнæ кæндзæнæ. Нæ бон æй федарæй уотæ зæгъун, æма нæмæ хъæбæр беретæн уæхæн адæймаг æй нæ республики зундгонддæр ахургæндтæй, паддзахадон-æхсæнадон архайгутæй еу, уой хæццæ ба ма нæ газет «Дигорæ»-йи еузæрдиуон хæлар **Сергей Якови фурт Плахтий**.

Абони ба нин дессаги æхцæуæн равгæ ес Сергей Якови фуртæн хъæбæр зæрдиагæй райарфæ кæнунæн – æстдæсæймаг майи ибæл исæнхæст æй дæс æма цуппаринсæй анзи. Уой фæдбæл æрмæгутæ мухур кæнæн 6-7-аг фæрстæбæл.

### БÆРÆГБОН



## БИЙНОНТИ АМОНД – ФИДИБÆСТИ ФАРНÆ!..

Уæрæсей ци берæ аллихузон бæрæгбæнттæ нисангонд æнцæ, уонæн, æвæдзи, сæ тæккæ райдзастдæр æма зæрдтагондæрбæл банимайун æнгъезуй бийнонти, уарзондзийнади æма еузæрдиуондзийнади Бон. Æма бабæй кæд бæрæгбон фæййевгъудæй (бæрæггонд цудæй 6 июли) уæддæр, махмæ гæсгæ, уой фæдбæл дзубанди еу бонбæл ма евгъуйа. Уомæн æма бийнонти фарни бæрзонддзийнадæ нин еугур рæстæгути ахсгиаг æй. Уой фæдбæл нæ адæммæ еугур дзаманти дæр адтæй берæ хуарз æгъдæуттæ, етæ федарæй æнхæстгонд цудæнцæ. Уони ба абони дæр гъæуама зонæн æма нин цитгин уонцæ – уотид хе растаунæн нæ, фал цæмæй еци фæлтæрддзийнадæ æма курухондзийнадæбæл æхцул уонцæ нæ нури æма исонибони æригон фæлтæртæ дæр, хуарзæй си ци ес, уой фæнзонцæ. Нæ дзубанди цæбæл æй, уой фæдбæл берæ аллихузон хабæрттæ ес нæ адæмон исфæлдистади дæр. Уонæй цалдæрей кой ракæндзинан абони – кæсетæ сæ 4-5-аг фæрстæбæл.

http://gazeta-digora.ru

E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

*Джузеппе ГАРИБАЛЬДИ (1807-1882), итальянский революционер: «Ценность зерна определяется его урожайностью, ценность человека – той пользой, которую он может принести своему ближнему. Родиться, жить, есть, пить и, наконец, умереть может и насекомое… Человек живет жизнью, полезной для масс, настоящей духовной жизнью…»*





# В ЕДИНОМ СТРЕМЛЕНИИ ТРУДИТЬСЯ ВО БЛАГО РОДНОЙ РЕСПУБЛИКИ

Сергей Меняйло свой доклад, в котором традиционно отражены ключевые итоги и цели развития республики, задачи для органов власти по их достижению на ближайшую перспективу, начал с напоминания о том, что предыдущий год прошел под знаком двух выдающихся событий – 80-летия Великой Победы и Года защитника Отечества.

В этой связи главной задачей российского общества в духовной сфере является сохранение памяти о всемирно-историческом значении подвига советского народа в Великой Отечественной войне и его передаче будущим поколениям, сказал Сергей Меняйло.

Он подробно остановился на том, что делается в республике в этом направлении. Это широкая военно-патриотическая работа – уроки мужества, создание сайта с биографиями участников войны, проведение акций памяти, в том числе самая массовая «Посмотри на их лица», шествие «Бессмертного полка» и, конечно, Парад Победы.

Дело своих дедов и прадедов сегодня продолжают участники специальной военной операции. Они героически воюют в рядах полка им. И.А. Плиева, батальона «Алания», казачества и многих других соединений. Тысячи из них получили высокие награды, пятеро – звание Героя России. К сожалению, двое из них – посмертно, один погиб уже после получения звания. Глава республики отметил героические действия всех участников СВО и объявил минуту молчания в память о погибших защитниках Отечества.

Впрочем, Родина не забывает своих героев. Государство, предприниматели и простые граждане оказывают бойцам мощную материальную и моральную поддержку. Для участников СВО и их семей действуют многочисленные льготы, программы реабилитации и поддержки.

Это касается и поддержки жителям исконных регионов страны своих сограждан во вновь присоединившихся в России регионов, добровольно вышедших из состава фашиствующей Украины. Наша республика оказывает большую шефскую помощь Черниговскому району Запорожской области, принимает у себя детей Луганщины, Донбасса и пострадавших от неофашистских атак Курской и Белгородской областей.

Все это отвлекает значительные ресурсы государства на противодействие политике Запада по разрушению нашей страны, а незаконные санкции снижают потенциал нашей экономики. Однако мы должны сплотиться вокруг президента и мужественно противостоять внешним угрозам для спасения своей Родины и самих себя, считает Сергей Меняйло.

Несмотря на мощнейшее внешнее экономическое давление, федеральная власть оказывает нашей республике огромную материальную и моральную помощь. В прошлом году исполнилось 20 лет бесланской трагедии, но бывшие заложники по-прежнему получают серьезную поддержку от государства в медицинской реабилитации и социальных условий жизни. Меры поддержки продлены до 2030 г., их сумма составляет 200 млн руб., на эти средства свое здоровье поправили 500 пострадавших.

В Беслане осуществляется обширная программа благоустройства. Свое особое отношение его жителям выразили президент страны Владимир Путин и председатель правительства Михаил Мишустин. Президент отдал дань памяти погибшим заложникам, посетив Беслан и мемориальное кладбище в дни скорбной даты, а премьер побывал там с рабочим визитом уже в текущем году и принял дополнительные меры развития республики.

Также в прошлом году в Совете Федерации прошли Дни Северной Осетии. Их результатом стало утверждение программ ее развития на сумму в 35 млрд руб. Теперь задача правительства и всех жителей – использовать эти средства с максимальной эффективностью для роста экономики и доходов населения. В этой связи глава поручил провести аудит использования всей налогооблагаемой базы республики.

Говоря о том, что делается в Северной Осетии для развития экономики, Сергей Меняйло напомнил, что мы осуществляем пять прорывных проектов, в которые уже вложено 54 млрд руб., в основном частных инвестиций. Это и курорт «Мамисон» в сфере туризма, и форелевые и фруктовые хозяйства в сфере агропроизводства. Также это развитие транспортной инфраструктуры, обеспечивающей внутреннюю и международную перевозку грузов, – проект «Южные ворота».

Результатом этой работы стал годовой рост в различных отраслях производства и экономики на 6–7%, при том что показатели по стране составили 4,6%.

Развитие социальной инфраструктуры также идет небывалыми темпами и объемами. В прошлом году по 13 национальным проектам были отремонтированы и построены 127 объектов на сумму в 9,1 млрд руб. В текущем году запланированы работы на 111 объектах на 9,6 млрд.

Также в прошлом году построено рекордное количество жилья площадью в 511 тыс. кв. м и стоимостью работ в 36 млрд. руб. На этот год запланировано строительство 450 кв. м жилья. При этом глава поставил задачу перехода от хаотичной застройки к комплексной. Она будет решена за счет передачи разрешительных функций на строительство от местной власти – профильному республиканскому ведомству.

Кроме того, магистральным направлением развития жилищного строительства является создание городов-спутников, в частности, это «Долина «Симд», а также выделение земельных участков под индивидуальное жилищное строительство. Правами на эти виды социальной поддержки будут обладать исключительно льготные категории жителей республики – ветераны СВО, многодетные семьи, молодые специалисты и другие.

Переходя к теме развития туризма, глава отметил неоднозначное отношение к этому процессу жителей республики. Часть из них пугает перспектива размывания национальной самобытности за счет наплыва большого числа приезжих с другой культурой. Сохранение нашей самобытности зависит от нас самих, считает Сергей Меняйло, но при этом он поручил профильным ведомствам разработать нормативные рамки для приезжающих. Они должны помочь и туристам адаптироваться к специфическим условиям, и снизить уровень взаимного непонимания, и защитить культурное наследие от умышленного и неумышленного вандализма.

Зато туризм дает существенный и постоянный рост поступлений в бюджет. Только в прошлом году свыше 1 млн туристов пополнили его на 624 млн руб., что на треть больше, чем годом ранее. Эта сфера дает мощный толчок развитию гостиничного строительства, развитию инфраструктуры, росту занятости. Кстати, сегодня безработица составляет всего полпроцента от числа трудоспособного населения и за год сократилась более чем на треть.

Туризм же стимулирует развитие транспортной сети, в том числе авиасообщения. Растет количество маршрутов, ведется расширение аэропорта.

Все, что делается в республике, делается для повышения жизненного уровня ее жителей, напомнил Сергей Меняйло.

Так, мерами социальной поддержки пользуются 140 тыс. взрослых и 154 тыс. детей. В совокупности они составляют 276 млн руб. В летних лагерях в прошлом году отдохнули почти 37 тыс. детей, а 147 тыс. пожилых граждан пользуются различными видами социальной помощи и поддержки.

При этом глава поручил профильным ведомствам создать в этом году социальную карту жителя республики. Она даст дополнительные льготы на проезд, социальное обслуживание, покупку товаров, посещение культурных мероприятий и отдыха на курортах республики.

Важнейшая роль отводится руководством республики сфере образования. В 2021 г. 90% школ и детских садов нуждались в ремонте, не хватало мест для учебы в одну смену и в детских садах.

За 4 года построены 13 новых школ на 6 тыс. мест, 10 детских садов и пристроек к ним на 3 тыс. мест, обновлены 72 школы, в этом году к ним прибавятся еще 30. Это 70% от всех школ. А в ближайших планах довести эту цифру до 138 школ, или 100%! Кроме того, в течение двух лет будут построены три новые большие школы.

Отдельное направление – повышение качества образования, которое не случится без повышения оплаты труда учителей. За последние годы здесь принят ряд стимулирующих мер – материальное вознаграждение коллективов школ за высокие показатели успеваемости, надбавки различным категориям учителей, привлечение к

**АКТУАЛЬНО**

***«От добросовестного отношения каждого из нас к своим обязанностям, от нашего общего понимания и локальных, и общероссийских, и – подчеркну – общемировых процессов на самом деле зависит очень многое: процветание нашей родной республики, ее благополучие сегодня и развитие в будущем».***

**В соответствии с распоряжением Совета Министров РСФСР 16 июля 1955 года была открыта Моздокская гардинная фабрика, чья продукция была востребована и у нас в стране, и зарубежом.**

работе студентов. Благодаря им в школы пришли 200 молодых учителей.

В дополнение к имеющимся стимулам глава поручил произвести повышение зарплат воспитателям детских садов и учредить звание «Заслуженный наставник республики».

Также это участие школьников и студентов в олимпиадах и конкурсах, развитие системы дополнительного образования, проведение профориентации, открытие сотен профильных классов, сотрудничество с ведущими вузами и научными организациями страны…

За четыре года количество мест в средних технических заведениях выросло более чем в полтора раза – с 2,5 до 4 тыс., охват детей организациями дополнительного образования – с 30 до 92% от всего их числа, составив 46 детей.

Особая роль отводится сохранению и развитию осетинского языка, повышению его статуса. Для этого созданы и работают различные меры и программы, в том числе десятки учебников по языку, литературе и истории Осетии. Сейчас они находятся на утверждении в федеральном министерстве.

Тем не менее глава поставил задачу оснастить все детские сады и школьные библиотеки детскими книгами и учебниками для младших классов на осетинском языке. Также пройдет первый школьный театральный фестиваль на родном языке.

Без внимания главы республики не осталось ни одно важное направление нашей жизни – политической, социальной и хозяйственной. В каждом разделе звучали весомые цифры сделанного за прошлый год и предыдущие периоды, раскрывающие динамику социально-экономического, культурного и спортивного развития.

Отдельным направлением доклада стало утверждение законности и социальной справедливости во всех сферах жизни, касается ли это вознаграждения за труд или возврата в общенародную собственность незаконно присвоенных земли и имущества. По поводу последнего глава дал отдельное поручение правительству и обратил на это внимание прокуратуры.

Как и всегда, он уделил особое внимание обратной связи власти с народом и вновь напомнил чиновникам: «Не народ для вас, а вы для него!»

Завершая доклад, Сергей Меняйло вновь вернулся к теме, с которой его начал – о сложнейшей ситуации, переживаемой всей страной и каждым из нас. В этих условиях мы можем выстоять, только если будем действовать заодно. «Мы сильны своим единством»! – сказал глава. И сегодня не только органы власти всех уровней, но и все общество, каждый гражданин должны работать над гармонизацией межнациональных отношений, участвовать в воспитании молодежи на великих примерах прошлого и собственного высоконравственного поведения.



# ЛÆВАР АГЪАЗ – ТУГЪДОНТÆН

Республикæ Цæгат Иристон-Аланий юридикон бюро сæрмагонд æфсæддон операций фиццаг бонтæй фæстæмæ косуй æ архайгути барадон æма социалон гарантитæ гъæуай кæнунбæл. Сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæ æма сæ бийнонти барадон бартæ гъæуайгонд цæунцæ закъонæвæруйнади цалдæр закъонемæ гæсгæ. Уони хæццæ 'нцæ Уæрæсей Федераций Конституци, федералон закъон «Ветеранти туххæй», Уæрæсей Федераций Президенти Указтæ æма Хецауади унаффитæ, уони хæццæ «Уæрæсей Федераций юридикон лæвар агъази туххæй» федералон закъон.

Республики Сæргълæуууæг **Сергей Меняйло** куд бафеппайдта, уотемæй тугъдон архайди фæсте сæхемæ ци æфсæддон службæгæнгутæ исæздæхунцæ, етæ æма сæ бийнонтæ, уæдта сæрмагонд æфсæддон операций æ хеуæнттæ кæмæн фесавдæнцæ, уонæн агъаз абони æй тæккæ сæйрагдæр гъуддаг, уотæ байамудта Уæрæсей Президент **Владимир Путин**.

Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Паддзахадон бюро арæзт ку 'рцудæй, уæдæй фæстæмæ нæ республики граждæнтæй юридикон лæвар агъаз райстонцæ 8575 адæймаги, уони хæццæ:

– æфсæддон сæрмагонд операций райдайæнæй фæстæмæ æ архайгутæ æма сæ бийнонтæн Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Паддзахадон бюро лæвар агъаз бакодта 2826 адæймагемæн, уонæй:

– колл-центр – сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæ æма сæ бийнонтæн 145 консультаций цъухи загъдæй;

– Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Паддзахадон бюрой специалисттæ «Фидибæстæ гъæуайгæнгути» фонди азгъунсти цъухи загъдæй консультацитæ равардтонцæ – 462;

– Паддзахадон юридикон бюрой азгъунсти 322 цъухи загъдæй консультацитæ;

– «æвæстеуати бастдзийнади» телефонæй сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæ æма сæ бийнонтæн равардтонцæ 1897 консультаций;

– финст консультацитæ сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæ æма сæ бийнонтæн равардтонцæ 375;

– сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæ æма сæ бийнонти гъуддæгутæ тæрхондæнтти æвзаргæй, фæййагъаз кодтонцæ – 70 адæймагемæн. Сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæ æма сæ бийнонтæн паддзахадон социалон агъази архайунцæ аллихузон министрадтæ æма ведомствитæ. Уони хæццæ, Республикæ Цæгат Иристон-Аланий фæллойни æма социалон ирæзти Министрадæ æхца бафедуни гъуддæгути æфсæддони фæммарди кенæ фæццæфи уавæрти, цæрæнуæтти-коммуналон лæггæдти хæрзтæ бафедуни гъуддаги, капиталон цалцæги хæрзти хай бафедуни сæрмагонд æфсæддон операций архайгути реабилитацийæн («Санаторий Осетия», «Сосновая роща», Республикон геронтологон центр»-ти) хæрзти еу хай фæстæмæ раздахуни социалон гарантитæ æнхæст кæнгæй.

Æмгустади ахсгиаг мадзæлттæ аразуй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий наукæ æма ахуради Министрадæ, уони хæццæ сæрмагонд æфсæддон операций архайгути сувæллæнттæн паддзахадон ахурадон организацитæмæ, сувæллæнтти дзæхæрадæнттæмæ æма аллихузон уæлæнхасæн къуæрттæмæ лæвар цæуни фæййагъази гъуддæгути.

Паддзахадон юридикон бюро æй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий фæллойнæ æма социалон райрæзти Министради дæлуагдонæ. Се 'хсæн ци бадзурд арæзт æрцудæй, уомæ гæсгæ парти «Еугонд Уæрæсе»-й Республикæ Цæгат Иристон-Аланий æхсæнадон агъази штаби хæццæ кæнуй æмархайд. Сæ куст аразунцæ цъухи загъдæй, консультацитæ, æфсæддонтæ æма сæ бийнонти хæццæ фембæлдтитæй. Еци фембæлдтити фæуунцæ Республики Адвокатон палатæ, «Фидибæстæ гъæуайгæнгути» фонди филиал, Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Нотариалон палатæ, Уæрæсей Федераций Пенсион æма социалон фæдзæхстади фонди Республикæ Цæгат Иристон-Аланий хайадæ, Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Тæрхонадон пъиристæфти служби управлений минæвæрттæ.

Паддзахадон юридикон бюрой косæг еудадзугдæр кезу хæссуй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий «Фидибæстæ гъæуайгæнгути» фонди филиали æма барадон агъаз кæнуй, уордæмæ ци тугъдонтæ кенæ сæ бийнонтæй фарстати хæццæ ка 'рбацæуй, еци адæмæн.

Республики Паддзахадон юридикон бюрой косæг къуæрттæ ахид рандæунцæ идарддзæф гъæутæмæ æма уоми сæ барадон агъази хай бакæнунцæ сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæ æма сæ бийнонтæй царди зин уавæрти ка бахауй, уонæн. Уагæдони официалон сайти косуй «Барадон эксперт», уоми лæдæрун кæнунцæ граждæнти бартæ æма уони хæццæ æфсæддон службæгæнæги бартæ дæр. Паддзахадон юридикон бюрой есæн уати еудадзуг косуй «Æвæстеуати бастдзийнадæ». Еци телефонæй бастдзийнадæ арæзт цæуй æфсæддон службæгæнгути бийнонти хæццæ, сæрмагонд æфсæддон операций æ ихæс æнхæстгæнгæй, ка фесавдæй, кенæ ка фæммард æй, етæ циуавæр æфсæддон хæйтти адтæнцæ, уой исбæлвурд кæнуни туххæй домæн финстæгутæ æрветунцæ æфсæддон хæйтти разамонгутæмæ.

Цæгат Иристони Паддзахадон юридикон бюрой архайди сæйраг хузтæй еу æй сæрмагонд æфсæддон операций архайгути интерестæ тæрхондони багъæуай кæнун. Нæ косгутæ архайдтонцæ 70 тæрхонеми æма агъаз кодтонцæ 31 гъуддагеми. Сæ фулдæр рахецæн æнцæ, гъаст ка балæвардта, уони пайдайæн. Сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæ æма сæ бийнонтæ ахиддæр æрбацæуунцæ уæхæн фарстати хæццæ:

1. Тугъди ка фæммард æй, уой бийнонти иуонги æвдесæндар райсунмæ.

2. Æфсæддон къамиси хатдзæг нæуæгæй исбæрæг кæнун, æфсæддон хайади командæгæнæги нæуæг æрвист къамисмæ.

3. ВВК хатдзæгæй нæ арази унæн.

4. Кредитон каникулти фарстатæ.

5. Æбæрæгæй исæфтбæл нимад æфсæддонæн, тæрхондонæ 'й цалинмæ мардбæл банимайа, уæдмæ æ бийнонтæн æхцай феддонтæ райсуни фарстатæ.

6. Тугъдон архайди ветерани æвдесæндар райсуни æмархайд.

7. Сæрмагонд æфсæддон операций архайæги æбæрæгæй фесæфæги иссерунæн æмархайд кæнун (домæн финстæгутæ æфсæддон хæйттæмæ, æфсæддон хæйтти комиссарадтæмæ æрветун).

8. Бархеуон батальон «Шторм-Z» тугъдонæн «Тугъдон архайди ветеран»-и æвдесæндар райсунæн.

Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Паддзахадон юридикон бюрой архайд хуарзбæл банимадта Юстиций министради Цæгат Кавкази федералон зилди управлени.

Уагæдони кустæн устур аргъ искодта Цæгат Иристони Парламент, уæдта Юстиций министради Цæгат Иристон-Аланий управлени, Уæрæсей Медгъуддæгути министради Цæгат Кавкази федералон зилди сæйраг управлений унаффæмæ гæсгæ, не 'мкосгутæ дууемæй хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ «Æмархайди туххæй»– майданæй, Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Паддзахадон юридикон бюро идарддæр дæр зæрдиагæй косдзæнæй сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæ æма сæ бийнонти барадон бартæ гъæуай кæнунбæл.

Лæвар юридикон агъази фæдбæл уæ бон æй æрбацæун, кенæ фегъосун кæнун уæхæн адресбæл: РЦИ-Алани, Дзæуæгигъæу, Осипенкой гъæунгæ, 3. телефон: 53-65-60.

*ХЪАНТЕМУРАТИ Олег,*
*РЦИ-Аланий Паддзахадон юридикон бюрой директор.*

**Финддæс æма æртинсæй анзей размæ (1950 анзи 8 июли) Уæрæсей Федераций Сæйраг Совети Президиуми Указæй гъæу Беслæнæн лæвæрд æрцудæй сахари ном.**

***БИТАРТИ Вячеслав, нæ республики раздæри Сæргълæуугæ: «Алли адæймаг дæр бийнонти гъуддаг бакæнгæй, æ зæрдæ даруй е 'мкъайии хæццæ лæдæрундзийнадæбæл, сæ идарддæри еумæйаг царди амондæй ке фæххайгин уодзæнæнцæ, уобæл. Бийнонти еудзийнадæн нæ адæммæ ес рагон æма хуарз æгъдæуттæ. Мах алкæддæр сæрбæрзондæй ранимайæн, берæ æнзти амондгунæй ка фæццардæй,***



# БИЙНОНТИ АМОНД — ФИДИБÆСТИ ФАРНÆ!..

*Фиццаги-фиццагидæр, цæмæ бæллунцæ алли бийнонтæ дæр? Амондмæ, зæгъгæ, ку зæгъæн, уæд еугурæй дæр нæ хæццæ исарази уодзинайтæ. Уотæ адтæй еугур дзаманти дæр, уотæ 'й нур дæр. Уой фæдбæл уин ракойкæнуйнаг ан еу рагон таурæхъ.*

## ЦИТГИНДÆР – ÆГЪДАУ, УАРЗОНДЗИЙНАДÆ...

Цардæнцæ еу бийнонтæ, адтæй сæмæ хестæртæ дæр, фал сæмæ æгъдау ба федар нæ адтæй.

Уæд дин еу æхсæвæ мет æруардта. Сæумæй бийнонтæй еугурей разæй исистадæй сæ зæронд лæг. Рацудæй тургъæмæ æма кæсуй: нæуæгуард метбæл фæд.

– Айæ ба цæй фæд æй, мæнæй уæлдай ку некема исистадæй?

Фæннæхстæр æй фæдбæл æма гъæдæмæ исхъæрттæй. Лæг дестæ кæнуй:

– Айæ ци хабар æй?!

Уæд имæ къотæри бунæй кадæр радзурдта:

– Е мæн фæд æй… Уæ хæдзари амонд дæн, æма, дæ ци гъæуй, ци корис, уой мин зæгъæ.

Зæронд лæг уотæ:

– Æз нæхемæ рафæрсон.

Сæхемæ фæрсæг фендæй æма фæрсуй бийнонти:

– Нæ амонд нæ фæрсуй, ци уæ гъæуй, зæгъгæ, æма си ци ракорон?

Биццеутæ загътонцæ:

– Хуар, зæнхæ.

Уæд дин кæстæр киндзæ дуарæй æрбакастæй æма загъта:

– Æгъдау, уарзондзийнадæ.

Зæронд лæг бацийнæ кодта:

– Гъе, е хуарз загъта: æгъдау, уарзондзийнадæ.

Зæронд лæг раздахтæй гъæдæмæ сæ амондмæ, æма уæдæй фæстæмæ дзæбæхæй цæрунтæ байдæдтонцæ.

* * *

*Бийнонти амонд ба лæдæрд æй, уотид хе 'гъдауæй нæ фæззиннуй, еумæйагæй ибæл архайун æма 'й гъæуай кæнун гъæуй. Æндæра уæбæл æрцæудзæнæй, еу гъæдгæройнаг хъиамæтгун лæги бийнонтæбæл ци цау æрцудæй, е.*

## «ÆЗ ДÆР СÆ СУМАХÆН БАФСНАЙДТОН...»

Гъæдгæрони советон доги тæккæ райдайæни дзамани еу цæрунгъон бийнонти фæсевæд нæуæг цардарæзтбæл нихуæстæнцæ, фæскомцæдесмæ бацудæнцæ æма сæмæ ходуйнаг кастæй, сæ фидæ æ мулк, æ сугъзæринттæ ке баримахста, е. Бадеголæ имæ кæнун кодтонцæ, фал имæ сугъзæрийнæ не 'ссирдтонцæ.

Уæд фидæмæ гъæуи нæуæг разамунд фæдздзурдтонцæ æма 'й фæрсунцæ:

– Дæ цæуæти хатир дин кæнæн æма ди сабурæй корæн, дæ сугъзæринттæ кæми баримахстай, уой нин исгъæр кæнæ.

– Цæй сугъзæрийнæ мæмæ ес? Ка уин загъта?!– мæстгунæй дзоруй лæг.

– Ка нин загъта? Дæ фæскомцæдесон фурттæ, æндæр ка!

– Æрбакæнайтæ сæ!..

Æрбакодтонцæ сæ. Æрлæудтæнцæ æ рази:

– Баба, цæмæн дæ гъæунцæ? Раттæ сæ. Паддзахадæ исмæгур æй… æма, – лигъстæ ин кæнунцæ фурттæ.

Фидæ сæмæ дестæгæнгæй фегъуста, атæ æрра иссæнцæ, зæгъгæ, уæдта рамæстгун æй æма тагъд-тагъдæй фуддæрагæн уотæ:

– Æз сæ сумахæн бафснайдтон æма, кæд уотæ 'й, уæдта уин уой дæр ма зæгъун, æма, сумах ке нæ зонетæ, уæхæнттæ дæр ма мæмæ хецæнæй æгудзæг бонмæ римæхст ес æма уони дæр рахæссетæ!..

* * *

*Нæ адæммæ еугур рæстæгути дæр æма цийфæнди æзмæнст уавæрти дæр æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг фæткæбæл нимад цудæй, цæмæй кæстæртæ игъосагæ уонцæ хестæрти дзурдмæ. Уотæ ку нæ уидæ, уæд е зæрдинез уидæ хестæртæн, адæми 'хсæн ходуйнаггæнæг хабар. Уой фæдбæл æй мænæ аци таурæхъ дæр.*

## «ЗАР МÆНБÆЛ КÆНУН ГЪÆУЙ, МÆНБÆЛ!..»

Еу муггаги сæ сæрæндæртæй еу, Дзæрæхмæт, фескъуæлхтæй æма ибæл гъæубæсти фæсевæд зар искодтонцæ. Бацудæнцæ муггаги зæронддæр лæгмæ æма еци зар ин æ тургъи низзардтонцæ.

Зæронд лæг сæ размæ рацудæй, райарфæ син ракодта:

– Арфиаг уотæ, æгайтима нин нæ муггагæн уæхæн кадæ искодтайдæ. Гъе, æцæг зар Дзæрæхмæтбæл кæнун гъæуй. Уобæл кæмидæр абæрегтæ исæмбалдæнцæ, æ бæх ин истонцæ, æхе ин марунмæ гъавтонцæ, фал сæбæл е фæхъхъаурæгиндæр æй, ниццагъта сæ, æхуæдæг дæр, рохсаг уæд, знаги нæмугæй фæммард æй… Уæхæн хабæрттæ ма адтæй амæй размæ дæр. Фал кæд нæ муггагæй ескæбæл зар кодтайтæ, уæд зар мæнбæл кæнун гъудæй, æ авд фуртемæй еу дæр æ коммæ кæмæн нæбал кæсуй...

* * *

*Аци зæронд фиди хузæн тухст уавæри раздæр дзаманти ефстæгтæ бахауиуонцæ, уомæн æма уæд адæм æнгомдæрæй цардæнцæ, æгъдау син цитгийнагдæр адтæй, кæрæдземæй æфсæрми кодтонцæ, ходуйнаг сæмæ кастæй æведауцæ миутæ кæнун. Нур ба… Рæстæгутæ бустæги исæндæрхузон æнцæ, æфсармæ уоййасæбæл нимади нæбал æй. Æма е, гъулæггагæн, фуддæр æрдæмæ зиннуй бийнонти цардарæзтбæл, саумнгæ ма бийнонтæ исаразунмæ дæр кадæртæ куддæр æбæрнон цæстингасæй кæсунцæ. Раздæри дзаманти дæр гъуддæгутæ еугæндзон кæми адтайуонцæ. Бийнонти гъуддаг бакæнунмæ ка багъавидæ, уой багъæуидæ лæгдзийнадæ бавдесун, кæми ба налатдзийнадæ дæр. Уой фæдбæл æй мæнæ аци таурæхъ дæр.*

## АСÆХМÆТÆН ИРÆД ÆХЕ ХАРЗÆЙ БАФИСТОНЦÆ...

Еу цардгъон лæг – Асæхмæти кизгæ бауарзта еу мæгур лæхъуæни. Уарзта 'й лæхъуæн дæр, фал еци гъуддаг фиди зæрдæмæ нæ цудæй, æма цæмæй уосгорæн æ нифс расæтта æма кизгæбæл мабал дзора, уомæ гæсгæ ин иснисан кодта æгæрæй-æгæрдæр ирæд: цуппар бæхи, аст гали æхцайæй ба – дууинсæй тумани. Цидæр адтæй, уæддæр лæхъуæн исаразы æй уæхæн ирæд бафедунбæл. Æма Асæхмæт æнгъæлæмæ кастæй, ци си рауайдзæнæй, уомæ.

Уæдмæ Асæхмæтбæл цидæр æверхъау цаутæ цæун байдæдтонцæ.

Еууæхæни фесавдæнцæ æ авд бæхи, – радавтонцæ ин сæ сосæггай. Æма дессаг!.. Бæхти радавди дуккаг бон Асæхмæти хæдзари балæудтæй æ мæгур сиахсаг æма ин рагацау ниууагъта авд бæхей аргъ. Уалинмæ ба Асæхмæтæн радавтонцæ æ галтæй аст. Æхе куд нæ мардтайдæ мæстæй Асæхмæт. Фал бабæй – дессаг! – æ сиахсаг бабæй ин равардта æхца аст галей аргъ. Берæ рæстæг нæ рацудæй, уотемæй бабæй Асæхмæти скъæтæй æрбацидæр æнцæ фараст гъоги. Цалдæр боней фæсте æ сиахсаг æрбахаста, ирæдæй ма ин феддуйнагæй ци байзадæй, уони дууинсæй тумани æхца.

Ци гæнæн ма адтæй Асæхмæтæн. Æма лæхъуæн кизги æрхудта æ хæдзарæмæ. Раст фараст мæйей фæсте ба сиахс балæудтæй æ каййести хæдзари. Фæсдуар æрлæудтæй æма дзоруй Асæхмæтмæ:

– Уæ кизгæн биццеу райгурдæй, нæбал уи тæрсун æма уин гъæуама хабар ракæнон. Ду устур ирæдбæл хъæбæр карзæй нииллæудтæ, æма уæд æз дæр мæхенимæр загътон: «Хуарз, æз дин еци ирæд иссердзæнæн, фал дæбæл си уæлдай неци бафтуйдзæнæй». Æма æцæгæй уотæ рауадæй: радавтон дин дæ бæхтæ, дæ галтæ, дæ гъоцитæ, æма дæбæл сæ фæстæмæ исæмбæлун кодтон – æхцайæй!..

Еци дзубандимæ Асæхмæт æ хъæмай сæрбæл фæххуæстæй, фæгъгъæр кодта:

– Рандæ уо, куййи тогæй æхснуйнаг, кенæдта дæ марун!

– Нæбал мæ рамардзæнæ, – загъта сиахс. – Уой бæсти уæртæ биццеуи кæхцгæнæнмæ рацо æма сау бæгæни баниуазæ.

Асæхмæт æ хъæма æруагъта æма фæлмæнзæрдæдæрæй загъта:

– Хуцауистæн, мæ сиахс, аццъагъуæгин лæг дæ. Дæ цæрæнбонтæ мин берæ! – æма æ хæццæ рараст æй биццеуи кувдмæ.

* * *

*Аци лæхъуæн раст адтæй æви нæ, уобæл нæ дзордзинан – е лæгигъæдгунæй бахъиамæт кодта æ амонди сæрбæлтау. Æма 'й уомæй балæдæрун æнгъезуй. Уогæ лæгдзийнадæ гъæуй бийнонтæн айдагъ сæ исаразунæн нæ, фал сæ багъæуай кæнунæн дæр. Уой дæр дууæ цардæмбалемæй сæ дууемæ дæр разинна фагæ зунд æма арæхстдзийнадæ, кæмидæр ба – фæразундзийнадæ дæр.*

*Уой фæдбæл нæмæ ци таурæхътæ æма хабæрттæ æрбахъæрттæй сауæнгæ недзамантæй, уонæй еу æй мæнæ ауæхæн.*

## Æ ХÆЦЦÆ ДÆР НÆ ФÆРАЗУЙ, ÆНÆ УОМÆЙ ДÆР...

Хуцау дуйнебæл фиццаг лæг Адами ку исфæлдиста, уæд æй дзенети дзæхæрадони æрцæрун кодта. Æхуæдæг уæларвмæ фæттахтæй. Адамæн алцидæр фагæ æма уæлдайгунтæй адтæй дзенети дзæхæрадони, фал гъенцъун кодта.

Еууæхæни Хуцау бабæрæг кодта Адами. Æртахтæй имæ æма 'й фæрсуй:

– Дæ цард дæ зæрдæмæ куд цæуй, Адам?

– Æнкъард мин æй еунæгæй… – багузавæ 'й Адам.






*хуарз кæстæртæ ка исгъомбæл кодта æма абони сæ кæстæрти кæстæртæбæл ка цийнæ кæнуй, уони. Етæ, ке зæгъун æй гъæуй, æнцæ нæ боц хестæртæ – сæ фæлтæрддзийнадæ æма курухондзийнадæбæл гъæуама ахур кæнонцæ æригон фæлтæр. Уони фæрци базонæн æма балæдæрæн ес, нæ адæми удикойнди сæйрагдæр, цардаразæг менеугутæ.*





Хуцау Адами бафунæй кодта, æ фæрскъитæй ин еу исласта æма си дуйнебæл фиццаг силгоймаг Еви исаразта. Уæдта Адами райгъал кодта æма сæ еумæ ниуагъта.

Рæстæг цудæй, æма Хуцау исфæндæ кодта: «Цæуон æма мæ исфæлдист адæймæгути бабæрæг кæнон...»

Æртахтæй зæнхæмæ. Кæсуй æма Адам тухст æма фæлмастæй бадуй. Хуцауи ку рауидта, уæд бацийнæ кодта æма имæ дзоруй:

– Дæ хуарзæнхæй, Евæй мæ фæйййервæзун кæнæ, истухстæн ин æ дзæгъæлдзорæй, æ бостæ æма тæргæйттæй. Нæ мæ гъæуй уæхæн æмбал. Еунæгæй мин хуæздæр адтæй.

– Хуарз, – загъта Хуцау æма Еви æ хæццæ фæххудта.

Рацудæй бабæй рæстæг æма бабæй Хуцау зæнхæмæ æртахтæй. Адам дзенети дзæхæрадони еу къуми æнкъардæй бадуй.

– Дæ цард куд цæуй, Адам? – фæрсуй бабæй æй Хуцау.

– Раттæ мин фæстæмæ Еви. Æ хæццæ мин зин цæрæн æй, фал æнæ уомæй дæр нæ фæразун, – æфсæрмдзастæй загъта Адам.

Хуцау равардта Адамæн Еви… Æма ма абони дæр лæг æма усæ еумæ угæй, кæрæдземæн дæр нæ бухсунцæ, мадта хецæнтæй дæр нæ фæразунцæ.

* * *

*Лæг æма усæ цæйбæрцæбæл æмзунд-æмвæндæ уонцæ, уой бæрцæбæл сæ бийнонти цардиуагæ уодзæнæй амондгундæр, сæ зæрдити æхцæуæндзийнадæ ба – бæрзонддæр. Уомæн æвдесæн – мæнæ аци таурæхъ.*

## АМОНД КÆЦÆЙ ЦÆУЙ?

Адтæй сосæни мæйæ, тæккæ хуасгæрдæнти афонæ. Алкедæр архайдта хуарз рæстæгæй фулдæр испайда кæнунбæл, зумæгмæ фулдæр хуасæ æрцæттæ кæнунбæл. Куд фæззæгъунцæ, сæ къохтæмæ æмхасæнтæ кодтонцæ.

Еци рæстæг уорс къулух бæхбæл æрцудæй губур æма хъæбæр фæлмастхуз мæгур зæронд лæг. Хуасгæрдгутæй æй ка уингæ нæ фæккодта, ке ба æ рæстæг исафун нæ бафæндадтæй æма 'й æ усонгæмæ неке бахудта.

Бахъæрттæй зæронд лæг еу мæгурхуз усонгæмæ. Сехуар си кодтонцæ æртæ 'нсувæри. Уонæн сæ кæстæр бæлццони рауингæй исдзурдта:

– Ракæсайтæ, еу æнæзонгæ лæг æрбацæуй, æвæдзи, идард бæстаг æй. Фæлмаст æма стонг ке 'й, е æ хузæбæл бæрæг æй. Æрбахонæн æй, æма нин Хуцау ци равардта, уомæй æй исиуазæг кæнæн.

Æнсувæртæ батухстæнцæ, дон æма сæмæ сор кæрдзинæй æндæр неци ес, зæгъгæ, æма ходуйнаг æй уæхæн фингæмæ иуазæг хонун.

Фал уæдмæ кæстæр æнсувæр бæлццони æрбахудта.

Æнсувæртæ иуазæги рахес фарсæй æрбадун кодтонцæ, æма æнсувæрти хестæр кæстæрмæ дзоруй, иуазæги размæ ести æрæвæрæ, зæгъгæ. Æхуæдæг иуазæгæн зæгъуй:

– Иуазæг – Хуцауи иуазæг, дæ зæрдæ нæбæл ма фæхходæд, уоййасæбæл хуарзæй нæмæ неци ес, Хуцау нин ци равардта, уомæй исаккаг кæнæ.

Иуазæг син загъта:

– Ма тухсетæ, мæгур бæлццонбæл зæрдиагæй исæмбалдайтæ, æма уин Хуцау фулдæр ратдзæнæй.

Еци рæстæг кæстæр æнсувæр, лалунæй хъæзин хъосмæ дон рауадзон, зæгъгæ, куд загъта, уотæ си муди хæццæ нæуæгугъд махсумæ ракалдæй. Голлаги кæрдзинмæ бавналдта, æма ин е дæр адгин цихтгун фестадæй. Æнсувæртæ балæдæрдтæнцæ, сæ усонгæмæ хуматæг иуазæг ке не 'рбацудæй, уой.

Иуазæг иссехуар кодта æма æнсувæртæн уотæ:

– Æз Уасгерги дæн, æма мæ хуарз ке исиуазæг кодтайдæ, уой туххæй уи алкедæр еу хуарзæнхæ ракорæд, исæнхæст ин æй кæндзæнæн.

Хестæр загъта, уорс фонси æргъау æй ке гъæуй, уой дæр уæхæн, æма минкъийдæр куд некæд кæна.

Астæуккаг ба си ракурдта мæнæуæй идзаг мос, уой дæр уæхæн, æма æ бæркад минкъийдæр куд нæ кæна.

Уасгерги дзоруй кæстæрмæ:

– Ду ба ми ци корис?

– Кæд мин мæ минкъий лæггадæн ести хуарз кæнис, уæд мин бæрæ раттæ, мæ мади 'нсувæри рафæрсон, æз нерæнгæ ма æригон дæн æма ци ракорон, уой нæ зонун.

Уасгерги ин бæрæ равардта, æма биццеу фескъардта, æ мади 'нсувæр ци гъæуи цардæй, уордæмæ. Мади 'нсувæри хæдзарæмæ бацудæй æма уинуй мети хъæпæни хузæн уорс бецъогин зæронд лæги. Радзурдта ин æ хабар æма си унаффæ байагурдта. Мади 'нсувæр ин зæгъуй:

– Уалæ мæ хестæр æнсувæрмæ иннæ гъæумæ фæццо æма уой бафæрсæ.

Бахъæрттæй уомæ дæр. Æма е биццеумæ фæккастæй иннемæй æригондæр, уотемæй æ фиццаг мади 'нсувæр æй æ хестæр рахудта. Уомæн дæр бабæй æ дзубанди кæрæй-кæронмæ ракодта. Æма бабæй æй е дæр иннæ гъæумæ никки хестæр æнсувæрмæ рарвиста.

Бацудæй биццеу тæккæ хестæр æнсувæри хæдзарæмæ. Кæсуй æма уинуй, хуссæнбæл фунæй кæнуй бустæги æригон нæлгоймаг, æ биндзитæ ин соруй æ усæ. Хуæрифурт усæн балæдæрун кодта, æ мади 'нсувæри хæццæ 'й радзубанди кæнун ке фæндуй, уой. Æма ин е уотæ зæгъуй:

– Мæнæ дæ мади 'нсувæр, æз ба – æ усæ. Лæг фунæй кæнуй. Æ афонæй раздæр æй некæд райгъал кодтон, фал æ хуæрифурт уæхæн устур ке иссæй æма си унаффæ ке коруй, уомæ гæсгæ ба 'й райгъал кæндзæнæн.

Дзоргæ-дзорун усæ, биндзитæ ци сæрбæттæнæй сурдта, уой кæрон аййевæй бамбæлун кодта æ лæги цæсгонбæл. Лæг фегъал æй, биццеу куд æрæстæфтæй, уотемæй æ закъи фæззиндтæй еу уорс гъун. Рабадтæй æма æ усæн уайдзæфтæ кæнуй:

– Нæ усæ, ци нæбæл æрцудæй? Мæ хуссæг мин цæмæн фæссурдтай? Цал анзи цæрæн æма уотæ ку некæд бакодтай, нур дæбæл зæрондæй ци 'рцудæй? Кæсис, уой фудæй мæбæл уорс гъун фæззиндтæй.

Усæ имæ дзоруй:

– Нурмæ æгириддæр ке некæд фæуууидтай, дæ еци хуæрифурт дæмæ 'рбацудæй фæрсунмæ… Тагъд кæнуй, æма дæ уомæн райгъал кодтон.

Лæг æ хуæрифурти æ гъæбеси ниттухта, фæццийнитæ ибæл кодта, уæдта 'й бафарста. Биццеу радзурдта æ хабар.

– Æрбайгъосай мæмæ, мæ боц хуæрифурт, – загъта мади 'нсувæр. – Ду фæууидтай мæ кæстæр æнсувæрти. Æз уонæй æригондæрхуз цæмæн дæн? Уомæн æма мæнæн ес хуарз усæ: е мæбæл аудуй, тухсуй, рæвдауй мæ, æз ба – уобæл, æма нин цæрун æй æнцон. Кæд дин Уасгерги ести хуæрзеуæг кæнуй, уæд си ракорæ дуйней тæккæ хуæздæр усæ æма уодзæнæ амондгун.

Биццеу байгъуста æ мади 'нсувæрмæ, æма зæнхæбæл уомæй амондгундæр неке адтæй.

* * *

*Ку зæгъæн, дууæ цардæмбали кæрæдзей ку лæдæронцæ æма нимайуонцæ, еу си иннемæн нифсдæттæг æма разæнгардгæнæг ку уа, уæд е устур амонд æй. Фал си еу кенæ иннæ уæхæн ку нæ разинвуй, уæдта бийнонти цардиуагæ аллайаг исуй.*

*Уой фæдбæл нæ адæмон исфæлдистади берæ аллихузон таурæхътæ ес. Уогæ дессагæн – силгоймаги сæрæндзийнади хæццæ си цæмæдæр гæсгæ фулдæр хæттити фудгинæй æвдист фæццæуй силгоймаг. Мæнæ кæсайтæ.*

## ХУАРЗ УСÆ – ЛÆГГÆНÆГ

Кадæ æма ради хæццæ, намус æма фарни хæццæ цардæй æма адтæй еу зæронд лæг. Синх, гъæу æма 'й æнæгъæнæ ком дæр ци вазуггин гъуддаги нæ агурдтонцæ, уæхæн нæ адтæй. Еу дзурдæй, адтæй коми лæг. Фал ирисхъæ ниддæлæ-уæлæ кодта, æма æ цардæмбал, æ цæуæти ниййерæг, æ къæбæргæнæг рамардæй. Æгъдауи хæццæ 'й байвардта, ке зæгъун æй гъæуй, æнæгъæнæ комбæстæ дæр си лæггадæгæнæг адтæнцæ.

Рацудæй рæстæг. Зæронд лæг дуккаг усæ æрхудта. Æма син еумæ цард байеудагъ æй. Гъе фал лæг феронх æй комбæстæй, гъæубæстæй, синхæй. Некебал æй фарста зундæй, æгъдауæй. Уомæн æма æ дуккаг усæ раздæр ин æ кадæ, æ намус думгæмæ ниддардта. Комбæсти 'хсæн æй фæхходуйнаг кодта. Хуарз усæ лæггæнæг æй, зæгъгæ, фæззæгъунцæ, лæгъуз усæ ба – æгадæгæнæг.

* * *

*Раст зæгъгæй, таурæхътæй беретæми лæгтæмæ дæр си «æрхауй».*

## «МАДТА ДÆУÆЙ ÆМА ЛАЛУНÆЙ ЦИ УÆЛДАЙ ЕС!..»

Усæ æ лæгæй нæбал фæразта: алли бон дæр хæдзарæмæ цудæй расугæй. Еу бон исамал кодта лалун. Ниддунста 'й æма 'й æхсæвæ хуссæни æ фарсмæ исæвардта.

Лæг сæ хæдзарæмæ æнафони ку 'рбацудæй æма уоси фарсмæ «кедæр» ку рауидта, уæд арви цæфи хузæн фæцæй. Æбуалгъ гъудитæ ин ниццавтонцæ æ сæри хъанз. Уайтæккæ раскъафта гъæццол. Æ уоси фарсмæ лалун ку рауидта, уæд фæкъкъех æй.

– А ци æй? – нæма æуууæндтæй æнхæст æ цæститæбæл.

– Дæ хуæдæййиевæг!.. Ци уæлдай уи ес. Дæу хузæн уæддæр хур-хур нæ кæнуй.

* * *

*Ауæхæн хабæрттæ ма берæ æримисун æнгъезуй. Æма сæ имисун ба æнæмæнгæ гъæуй. Еугæр нæ фæндуй, цæмæй нæ абони æма исонибони кæстæртæ нæ фидтæлтиккон æгъдæуттæ зононцæ, сæ цитгиндзийнадæй син хеуон уонцæ æма сæ хуæрзуагонæй æнхæст кæнонцæ, уæд сæ уой фæдбæл гъомбæл кæнун гъæуй сауæнгæ сæ сабийдогæй райдайгæй. Мæнæ уин ци хабар ракæнуйнаг ан, уоми еу мадæ æ сувæллони куд «гъомбæл» кодта, уотæ.*

## РАГАЦАУ НАД

Еу усæ, дан, æ сувæллони куд нæмуй, уой синхаг ку фæуууидта, уæд æй еци тингунæй рафарста:

– Уанæбæрæг ци фуд исаразта, фурнадæй æй цæмæн марис?

– Туканмæ 'й æрветун æма цæмæй е 'хца ма фесафа…

– Нерæнгæ ма æхца æхемæ ку 'нцæ, уæд æй цæмæн æфхуæрис?

– Æма сæ ку фесафа, уæд ма æ нæмунæй ци пайда ес? – адтæй уоси дзуапп.



Къартæ ист æнцæ социалон хизæгтæй

***БРИТЪИАТИ Елбиздихъо (1881-1923), драматург, нæ национ театри бундорæвæрæг: «Алкедæр æхе уарзуй, – адæймаг æхе ке хонуй, уоми зæрди фагæ зунд, рæсугъддзийнадæ æма уагæ ку нæ уа, уæд сæ ескæцæй райсун æфсæрмиаг нæй. Есгæй ба исæмбæлдзæнæ æндæр адæмихаттбæл, æма базондзинайтæ кæрæдзей...»***



Сергей ПЛАХТИЙ (астæуæй) студентти хæццæ гъомбæладон мадзали рæстæг.

# НÆ ХЕСТÆРТÆ – КАДГИН, НÆ ИРÆЗГÆ ФÆЛТÆРТÆ БА – СÆ ФАРНÆЙ ХАЙГИН...

***Сергей Плахтий æ рæстæги ци берæ публицистон уацтæ нифинста, уонæн сæ фулдæр нæ абониккон цардиуаги уавæртæмæ гæсгæ дæр цæмæдесаг æнцæ. Сæ еугур дæр нæуæгæй ниммухур кæнуни аккаг бæргæ 'нцæ, фал нин уомæн, гъулæггагæн, равгæ нæййес, уомæ гæсгæ ба си равзурстан еу – æ киунугæ «Помни имя свое»-йи раздзурд. Мухури кæд фараст анзей размæ рацудæй, уæддæр æ ахсгиагдзийнадæ нерæнгæ дæр ма бæрзонд æй, уомæн си дзубанди цæуй нæ фæсевæди уодварнон гъомбæлади, нæ адæми фæлтæрти 'хсæн бастдзийнади федардзийнади, нæ фидтæлти намусæй сæрустур ун, æма сæ сæ арфиаг гъуддæгутæй фæнзуни туххæй. Аци киунуги ахедундзийнадæ ма бæрзонд уомæй æй, æма арæзт æрцудæй æригæнттæн сæхе финст æрмæгутæй.***

***Уац дигорон æвзагмæ ратæлмац кодта Колити Витали.***




## ДÆ ФИДТÆЛТИ ИРИСХЪИ ХАБÆРТТÆ ЗОНУН – РÆСТВÆНДАГГÆНÆГ

Дзæвгарæ æнзти дæргъи косун Цæгат Иристони Паддзахадон медицинон академий. Студентти хæццæ архайди мин уæлдай ахсгиагдæр æй, цæмæй сæ профессионалон дæснийади сосæгдзийнæдтæ базонунмæ разæнгарддзийнади хæццæ ма гъæздугдæр кæна сæ уодигъæдæ, цæмæй уонцæ тулаваст нæ Райгурæн бæсти æма нæ еумæйаг фидиуæзæги историй цаутæ æма хабæртти æцæгдзийнадæ, сæ муггæгти рантæст æма сæ цардвæндаги алæмæтдзийнæдтæ зонунмæ. Е мæ хевастдзийнадæй нæй, уомæн æма ахур кæнунмæ ци фæсевæд æрбацæунцæ, уонæн сæ фулдæр еци гъуддæгути фæдбæл фарстатæн дзуапп раттунгъон нæ фæуунцæ – раст цума тар гъæди равзурунцæ, уотæ нидздзæгъæлтæ унцæ.

Уотæ цæмæн æй, ка æма ци 'й фудгин?.. Еу-дууинсæй анзей размæ нæ студентти хæццæ дзубанди кæнгæй æнай-æнойти сæ бафарстон:

– Ка уи зæгъдзæнæй, уæ бабатæ æма нанати нæмттæ куд хундтæнцæ, уæдта кæд райгурдæнцæ, еци æнзтæ?

Æхсæзинсæй адæймагемæй сæ къохтæ исдардтонцæ айдагъдæр дууемæй.

– Мадта, уæ хестæртæ кæми æвæрд æнцæ, еци уæлмæрдтæ уи аци анз ка бабæрæг кодта?

Зали ка бадтæй, уонæй мин си еунæг дæр дзуапп нæ равардта.

Е адтæй, советон ахурадæ ма æ тухи ку адтæй, æма скъолати зингæ æргом ма æздæхт ку цудæй ахурдзаути гъомбæладон кустмæ. Фал уæддæр, æвæдзи, еци архайд уоййасæбæл ахедгæ нæ уадæй. Уавæр никки æгудзæгдæр фæцæй нури æноси райдайæни. Еу-инсæй анзей размæ ба лекций рæстæг студентти бафарстон:

– Хетæгкати Къоста кæми æвæрд æй, уой уи ка зонуй?

Мæ фарстабæл дзуапп раттæг нæ разиндтæй, студенттæ бабæй еци æмиргъосæй лæудтæнцæ. Айдагъдæр си еу кизгæ исистадæй æма загъта:

– Хетæгкати Къоста æвæрд æй Нари.

– Плити Иссæ ба кæми æвæрд æй? – зæгъгæ, бабæй сæ ку бафарстон, уæдта еу лæхъуæн исистадæй æма мин федарæй загъта:

– Мæскуй!

Студентти дзуæппитæ мæ сагъæси бафтудтонцæ. Уогæ сæ еци æнæтергадидзийнадæй етæ сæхуæдтæ уоййасæбæл фудгин нæ 'нцæ. Азумгин æнцæ нииййергутæ. Уайдзæф хауй скъолатæмæ дæр. Берæ рæстæгути берæ дзубандитæ цудæй уой фæдбæл, уæлдайдæр ба нæ историй фæдбæл скъолатæн арæзт ахургæнæн киунугутæ æма программитæ банхæстдæр кæнуни фæдбæл. Хуарз æма еци гъуддаг нур арæзт цæуй, зундгонд куд æй, уотемæй фæззиндтæй истори ахургæнæн еумæйаг киунугутæ алли кари скъоладзаутæн.

Историйæн ци нисанеуæг ес ирæзгæ фæлтæри 'хсæн гъомбæладон кусти, уой фæдбæл кæддæр дзубанди кодтон ме 'мкосгутæй еуей хæццæ æма мæ фарс адтæй, ци гъуддæгутæ аразтон æма ма исаразунмæ гъавтон, етæ дæр æ зæрдæмæ фæццудæнцæ. Еуцæйбæрцæдæр рацудæй, уæдта бабæй студентти раунцийондзийнади фæдбæл бабæй нæмæ дзубанди рауадæй, æма мин уотæ ку зæгъидæ:

– Ду студентти азумгин кæнис, фал дин æз ба æргом ку зæгъон, уæд мæхуæдæг дæр, мæ нииййергутæ кæми æвæрд æнцæ, еци уæлмæрдти дзæвгарæ рæстæгути нæбал адтæн. Сæттун ме 'гудзæгдзийнадæбæ.

## ДÆХЕ ГЪÆУАЙ КÆНÆ УОДИ УАЗАЛАДÆЙ – ФÆСМОЙНАГ ДИН УОДЗÆНÆЙ

Уæззау сæгъæсти мæ бафтудта зундгонд режиссер А.Кучерови мæнæ ауæхæн финстæг: «Кæддæр мæ кизги размæ æрæвардтон, рæстæгæй ка фæббор æй, уæхæн къартæ. Кизги цæстингасæй балæдæрдтæн, еци рагон къартæ имæ ке неци цæмæдесдзийнадæ исæвзурун кодтон, уой. Фæстæдæр ба еу къарæмæ æдзинæг никкастæй, уæдта мæ бафарста: «А ба ке къарæ 'й. Мæ бон ин дзуапп раттун нæ бацæй, уомæн æма 'й мæхуæдæг дæр нæ фæсмардтон, мæ мадæ ба æгас нæбал адтæй. Уотемæй ба еци къарæ баст адтæй мæ къабæзтæ, кенæ мæ ахили хæццæ, хъæбæр æрмæтъæл дæн…»

Æ рагфидтæлти ка нæ гъуди кæнуй, мæнæ уруссагау «Иван, не помнящий родства», зæгъгæ, ке фæххонунцæ, уæхæнттæ ни ку рауайа, уæд е устур æверхъаудзийнадæ 'й абони фæлтæрæн дæр. Уæлдайдæр нæ фæсте ка рантæсдзæнæй æма нæ фидиуæзæги цæргæ кæмæн рауайдзæнæй, уонæн.

Зундгонд ахургонд, историон наукити доктор Л.В.Шапошникова авд анзи фæццардæй Индий, ахур кодта уоми бунæттон адæмихæттити цард. Етæ цардæнцæ хуæнхтæ æма зинбацæуæн рауæнти тар гъæдти. Еууæхæни ба, ци адæми къуари 'хсæн цардæй, уонæй еу уоси бафарста æ рагфидтæлтæбæл. Силгоймаг ин сæ æвдæймаг фæлтæри уæнгæ æрдзурдта. Адтæй си уæхæнттæ дæр, æма сæ дууадæсæймаг фæлтæри уæнгæ ка зудта. Силгоймаг æ дзубанди ку фæцæй, уæдта ахургондæн æхе бафарста æ хестæрти уедæгтæбæл. Куд рабæрæг æй, уотемæй сæ нæ зудта. Ахургонд силгоймаги уæхæн дзуаппи фæсте, еци адæмихатти 'рдигæй рахаст цидæр æнахур фендæрхузон æй. Хецæн уати æй бакодтонцæ, хуæруйнаг ин уордæмæ хастонцæ. Цубурдзурдæй æй, æнæзундбæл банимадтонцæ. Циуавæр адæймаг æй, æ хестæрти æвдæймаг фæлхæней уæнгæ ка нæ зонуй, е, зæгъгæ.

Е куд лæдæргæ 'й? Зунди къумухдзийнадæ? Уомæй мах берæ исафæн. Истори ка нæ зонуй, етæ адæм нæ 'нцæ, фал дзогæ.

Æнæгъæнæ дуйне дæр 1972 анзи бæрæг кодта Петр I 300 анзи исæнхæсти бон, нæхецæй фæстæмæ. Нæ еугуремæн дæр зундгонд æй, Магкати Зураб уруссагирон рахастдзийнæдтæ арфдæр кæнунмæ ци байвæрд бахаста, е. Уой фæдбæл кæд берæ аллихузон æрмæгутæ фæззиндтæй, уæддæр, зæгъун æнгъезуй, æ фæллæнттæн абони уæнгæ дæр æмбæлгæ аргъгонд нæма 'рцудæй.

Берæ уæхæн дæнцитæ ма æрхæссæн ес. Æма уотæ цæмæн æй, уомæн ба берæ рæуæнттæ æримисæн ес.

Дзæвгарæ рæстæгути историон рæстдзийнадæ, куд гъудæй, уотæ æвдист нæ цудæй. Дзæвгарæ историон æвдесæнтæ æма циртдзæвæнтæ ихæлд цудæнцæ. Нæ культурæ æма аййевади раззагдæртæй берети нæмттæ иронхгонд цудæнцæ барæй, зонгæ-зонун. Берæ хабæрттæбæл къох ист æрцудæй. Уони хæццæ ба адæми муггæгти рантæсти историбæл дæр. Е ба ирæзгæ фæлтæрбæл фесинмæ 'рдæмæ æнæфæззингæ нæ фæцæй сæ фидтæлти истори бæлвурддæр базонуни гъуддаги.

## ДÆ ФИДИБÆСТИ, ДÆ ФИДИУÆЗÆГИ АНЗФИНСТ ДИН ФÆДЗÆХСТАГ КУД УА...

Студентти еу хай уотæ гъуди кæнуй: «Цæмæн мæ гъæуй, барæй усхъуммæгонд ка 'рцудæй, уæхæн истори? Ке зæгъун æй гъæуй, Уæрæсейæн ес æхе хевæрцон, вазуггин, нихмæвæрдтитæй идзаг, героикон æма хуæдхуз истори. Уæхæн истори еунæг бæстихаййæн дæр нæййес. Берæ



Цæгат Иристони медицинон косгутæй Устур Фидибæстон тугъди ка фæммард æй, уонæн медакадемий тургъи æвæрд ес циртдзæвæн. Уой рази арæзт æрцæуй номерæн мадзæлттæ.

**Зундгонд финсæг, тæлмацгæнæг æма публицист Гæлуати Давиди фурт Акими райгурдбæл æнхæст кæнуй фондз æма фондзинсæй анзи (1920-1994).**

***КОЦОЙТИ Арсен (1872-1944), финсæг, публицист: «Нæ цард, æвæдзи, уотæ арæзт æй, уæхæн бундорон уагæ ес адæймаги зæрдæмæ, æма, галеу гъуддагбæл ка райахур уа, уомæн фæстæмæ зин раздæхæн фæууй... Гъигæдаргутæн сæхе гъигæдарун гъæуй æма уæд нæбал гъигæдардзæнæнцæ...»***



цидæртæ нецæмæ даргæй, Уæрæсе аккаг байвæрд бахаста дуйнеуон культурæмæ, еумæйаг адæмон ирæзтмæ. Уæлдæр æма астæуккаг ахурадон уагæдæнтти ахургæнгути ихæс æй студентти, истори æцæгæй куд адтæй, уой хæццæ зонгæ кæнун. Æнхæстæй ин гъæуй равдесун æ нихмæвæрд цаутæ дæр, уой хæццæ ба æ рæстдзийнадæ.

Цæмæй исонибони специалисттæй æнхæст адæймаг рауайа, уой туххæй ба 'й гъæуй бауæндун кæнун, унгæг дæснийадæ райсун сæйрагдæр ке нæй, фал ахсгиаг ке æй Фидибæсти, бунæттон истори зонун дæр.

Зундгонд философ æма филолог А.Р. Лосев уотæ финста: «Айдагъдæр унгæг зонундзийнæдтæй æндæр кæмæ неци уа, е æхсæнадæн тæссаг адæймаг æй, æнæпринципиалон.

Æма имæ цæйбæрцæбæл фулдæр кæнонцæ уæхæн зонундзийнæдтæ, уойбæрцæбæл тæссаг, тасдзийнадæ æфтауæг æма æхсæнадæн æнæпайдадæр уодзæнæй. Уæ цæститæбæл рауайун кæнайтæ, æ уодиконди, æ зундрахасти æ дæснийадæй уæлдай кæмæ неци ес, уæхæн адæймаги… Уомæй некæмæн ес цийнадæ, неке ин зонуй, цирдæмæ низзелуйнаг æй æ профессионалон зонундзийнæдтæ, цæй фæдбæл испайдакæнуйнаг æй æ фæлтæрддзийнадæ. Е ба – бæлах æй…»

Истори нæ ахур кæнуй адæймаг унбæл. Истори нæ ефтонг кæнуй, аргъ кæмæн нæййес, уæхæн зонундзийнæдтæй, адæми хуæздæр æгъдæуттæ æма фæткитæ нимайун æма уарзунбæл, се 'нхæст кæнунбæл, æвзаг зонунбæл, нæ хестæртæн кадæ кæнунбæл, силгоймæгтæ, кæстæртæн аргъ кæнунбæл, нæ бæсти ци цаутæ цæуй, уонæми архайунбæл.

Еу курухон лæг уотæ фæдзахста: «Знагæй ма тæрсетæ. Тæккæ фулдæр цæмæ исарæхса, е дæ рамарунмæ. Æмбæлттæй дæр ма тæрсетæ, ци æ бон æй, е дæубæл гадзирахаттæй рацæун. Тæрсетæ, еугур гъуддæгутæмæ дæр кудфæндий цæстæй ка кæсуй, уонæй. Уони, кудфæндий цæстингасæй цæунцæ фидбилизтæ, мæрдтæ, гадзирахаттæй цæундзийнадæ, æфхуæрдтитæ». Хуцау уæ бахезæд, уæ фарсмæ уæхæнттæ ку цæра, уомæй.

## КУД ГЪÆУАМА УА, УОТÆ ЦАРДАН ÆМА ЦÆРÆН?

Историон зонундзийнадæ адæймаги ахур кæнуй Райгурæн бæстæбæл еузæрдиуон унбæл, æ адæмихатт ка нимайуй, уæхæн унбæл, культурон æма æнæбасæттон унбæл.

Фехалæн ес историон циртдзæвæнтæ, хæдзæрттæ, аргъауæндæнттæ, фал истори баййевуни барæ ба неке бон бауодзæнæй. Истори хуайуй махæй алке зæрди дуæрттæ дæр.

Раги кæддæр бердзейнæгтæ рагъавтонцæ, Акрополь ци туркæгтæ байстонцæ, уони уордигæй ратæрун. Исхуæсти рæстæг се 'знæгти фæттæ фæцæнцæ, æма, уæд етæ райдæдтонцæ фæрсти дортæ пурхæ кæнун, цæмæй, кæрæдзебæл ци лæхудзи фæрци хуæстæнцæ, уомæ ци изди æфтуд цудæй, уой иситайуонцæ. Бердзейнæгтæ уой ку балæдæрдтæнцæ, уæд сæмæ сæ минæвæртти барвистонцæ уæхæн курдиади хæццæ: «Парфенони фæрстæ ма ихалетæ, уой бæсти уин мæнæ фæттæ ферветæн…» Е адтæй æцæг хабар, ами уой фæдбæл дзубандитæ нæ гъæунцæ, уотемæй дæр лæдæрд æй цауи медес – рагфидтæлти цардиуаги æвдесæнтæй хъазардæр неци ес.

Рагъуди кæнуни аккаг æй еу фарста: «Нæ рагфидтæлти историмæ уарзондзийнадæ кæд æма кутемæй исусун райдайуй!» Еци фарста исбæлвурд кæнуни туххæй фæлварæни хузи куст исаразтан дзæбæхгæнæн факультети студентти 'хсæн. Æнхæстгонд цудæй аст мæйей дæргъи. Æхсæзинсæй студентемæй сæ кустітæ æрбалæвардтонцæ æхсæрдæс æма дууинсæй адæймаги. Иннетæ ба? Гъулæггагæн, сæ фулдæр хай, сауæнгæ сæ ниййергути фæрци дæр дзуапп раттунгъон не 'ссæнцæ сæ развæмæрд фарстатæбæл. Уомæй син нæ фæййагъаз æнцæ сæ хъæбæр æма идард хæстæгутæ дæр.

## ЕУ БИЙНОНТИ ЦАРДВÆНДАГ ДÆР ФИДИБÆСТИ АНЗФИНСТИ ХАЙ ÆЙ!..

Дæ рагфидтæлти истори базонун, рæстæги фæлми æмбæрзæн байгон кæнун æнцон куст нæй. Еуæй-еу ниййергутæ ба ма хъур-хъур дæр бакодтонцæ: «Ке ци гъуддаг ес мах муггаги рантæсти историмæ?»

Фал рефераттæ ци студенттæ ниффинстонцæ, етæ ба равдистонцæ устур арæхстдзийнадæ æма цæмæдесдзийнадæ еци темæмæ. Сæ фулдæртæ фиццаг хатт сæхе рахаттонцæ архивтæмæ, литературæмæ, финстонцæ финстæгутæ нæ бæсти алли рауæнтæмæ, зонгитæ – æнæзонгитæ, хеуæнттæмæ. Сæ цæмæдесдзийнадæ сæ аллибони листæг гъуддæгутæй фæббæрзонддæр æй…

Цума ци 'й Райгурæн бæстæбæл еузæрдиуон ун?.. Махмæ гæсгæ, е фиццагидæр æй Фидибæстæмæ уарзундзийнадæ. Етæ уæлмонцгæнæн дзубандитæ нæ 'нцæ, фал нæ аллибони цардиуаги домæнтæ. Еузæрдиуон ун æхе медæги æвзурун кæнуй хуæдæфсæрмæдзийнадæ, рæстуод ун, намусгин ун, æгъдæуттæбæл æновуд ун æма сæ федауцæй æнхæст кæнунбæл.

* * *

Нæ номдзуд поэт Цæрукъати Александр (1918-2000) е 'мдзæвгитæй еуеми уотæ финста:

Нæ хистæртæ – кадджын,
Нæ кæстæртæ хайджын
Сæ хорз фæндтæй уæнт!..
Æдæрсгæ сæ фæткыл
Сæ рæсугъд фæндæгтыл
Кæронмæ цæуæнт…

Аци зæрдæмæдзæугæ ниставæнтæй бал кæрон кæнæн нæ кæстæрти уодварнон гъомбæлади фæдбæл нæ абони радзубанди.




# «ЗÆРДРОХС ДÆН!..»

Æ сабийдогæ раргъавта Устур Фидибæстон тугъди рæстæгутæ, æма уомæ гæсгæ ин æгæрон берæ уæззау æма æгудзæг бæнттæ æрветгæ рауадæй, кæд берæ гъæуагæдзийнæдтæ бавзурста, уæддæр æ цардиуагæ цийнаг æй, уомæн æма си берæ ес, зæрдæхцæуæнæй ци æримиса æма боз цæмæй уа, уæхæн аллихузон хабæрттæ æма цаутæ.

Сергей Якови фурт райгурдæй Беслæни, Устур Фидибæстон тугъди архайæг æма нартихуарикустгæнæг комбинати кадгин ветерани бийнонти 'хсæн. Абони дæр ма æ зæрди устур додгæ носæн хæссуй 1942 анзи син немуцаг хуæдтæхæг сæ хæдзарæбæл бомбæ ку 'ргæлста, еци сау бон. Скъола каст фæууни фæсте куста Беслæни эфирмаслæуадзæн заводи уæзæгтæ хæсгути бригадирæй. 1954 анзи ба ахур кæнунмæ бацудæй Цæгат Иристони педагогон институтмæ. Уоми ахур кæнгæй, разæнгардæй архайдта аци ахургæнæндони æхсæнадон царди. Дуккаг къурси студент уогæй, иссæй факультети фæскомцæдесон организаций секретарь, æртæ хатти архайдта тиллæгæфснайæн кустити Казахстани районти. Цæйбæрцæбæл æнтæстгинæй, уомæн ба бæлвурд ирд æвдесæн æй е дæр æма 1957 анзи хуарзæнхæгонд æрцудæй «За освоение целинных земель», зæгъгæ, майданæй. Студент ма ку адтæй, уæд бацудæй Коммунистон партий рæнгъитæмæ. 1959 анзи ба институти ректорат æма партион комитети унаффæмæ гæсгæ æвзурст æрцудæй институти фæскомцæдеси комитети секретарæй.

Анзи бæрцæ дæр си нæ бакуста, уæдта æвзурст æрцудæй фæскомцæдеси Орджоникидзей сахайраг комитети фиццаг секретарæй. Ами никки бæлвурддæрæй раргон æй æ рауон-циуондзийнадæ, арфиаг гъуддæгутæ хъæппæресгунæй аразунмæ ацъагъуæдзийнадæ.

Сергей Якови хъæппæресæй арæзт æрцудæй Ф.Э. Дзержинскийи номбæл тугъдон-фæскомцæдесон къуар. Уомæн æ ихæс адтæй нæ республики, уæдта æ сæйраг сахари æхсæнадон уагæвæрд гъæуай кæнун. Еци хъæппæрес уой фæсте хуарзбæл банимадтонцæ Советон Цæдеси иннæ республикити фæскомцæдесон организацитæ дæр æма си æнтæстгинæй пайда кодтонцæ сæ архайди.

Нæ республики Сæйраг Совети Президиуми унаффæй еци къуарæн лæвæрд æрцудæй Кади грамотæ. 1964 анзи Сергей Якови фурт æндæр кустмæ æййивд æрцудæй Цæгат Иристони обкоммæ, 1965 анзи ба 'й рарвистонцæ СЦКП-ий Центрон комитети Уæлдæр партион скъоламæ, æма 'й каст фæцæй хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ. 1967 анзи æвзурст æрцудæй нæ республики Хуæнхон гъæууонхæдзарадон институти партион комитети секретарæй.

Дууæ анзей фæсте ба ахур кæнунмæ бацудæй Мæскуй М.В.Ломоносови номбæл паддзахадон университетмæ историон факультети аспирантурæмæ æма æмгъудæй раздæр багъæуай кодта историон наукити кандидати диссертаци. Куд искурдиадæгин партион косæг, уотæ 'й 1973 анзи исæвзурстонцæ нæ республики медицинон институти парткоми секретарæй, фондз анзей фæсте ба 'й райййивтонцæ Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети изæйрон æма фæсауuонмæ ахуради фæдбæл проректорæй.

Фæстæдæр бабæй косун байдæдта медицинон институти – СЦКП-ий истори æма политэкономики кафедри сæргълæуууæгæй. Адтæй партий рескоми Æхсæнадон-политикон институти ректор, 1994 анзи ба нисангонд æрцудæй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий фиццаг Президенти унаффæгæнæгæй. Профессори ном ин аккаггонд æрцудæй 1996 анзи.

Ниффинста æма ин мухури рацудæй дууæсæдæ наукон кустемæй фулдæр, дууинсæй киунугей бæрцæ рауагъта мухури, уонæй финддæс æнцæ монографитæ.

Сергей Плахтийи хъæппæресæй арæзт æрцудæй киунугути сæрмагонд сери «Цæгат Иристони медицинон Академий ахургæндтæ». Уонæй дууæ киунуги 'нцæ Уæрæсей Президенти киунугæдони. Тæхъулти Урусхани туххæй ци киунугæ ниффинста, е ба æвæрд æй Ленингради Смольныйи киунугæдони.

Берæ кадгин хуæрзеугутæ лæвæрд æрцудæй С.Я.Плахтийæн æ берæ æнзти фæллæнтти туххæй.

ЦИАССР-и Сæйраг Совети Президиуми Кади гæгъæди (1962-1968 æнзти), Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Президенти Кади гæгъæди (1996 анз), Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Парламенти Кади гæгъæди (2023 анз), майдан «За освоение целинных земель» (1957 анз), майдан «Во славу Осетии» (2005 анз), Уæрæсей Федераций Президенти арфи гæгъæди (1966 анз), 2023 анзи ба ин лæвæрд æрцудæй «Цæгат Иристони Кадгин хестæри» ном.

Абони Сергей Плахтий кæд бæрнон бунæтти нæбал косуй, уæддæр ма еци æновудæй кæнуй исфæлдистадон куст, архайуй æхсæнадон царди, æ гъæздуг фæлтæрддзийнадæй æнæвгъауæй хайгин кæнуй кæстæрти.

Берæ 'нцæ Сергей Плахтийи фæллæнттæ, берæ цæмæйдæрти сæрустур æй. Фал æ устурдæр сæрустурдзийнадæ ба 'нцæ æ бийнонтæ.

Исгъомбæл кодта биццеу æма кизгæ. Æ фурт Валерий косуй Мæскуй дохтирæй, кизгæ Галинæ ба 'й юрист. Ес ин цæуæти цæуæт, уони цæуæт. Ес, аци хъимæтгун лæг цæбæл ахур кæна æ кæстæрти, æма етæ дæр, федарæй ни æруагæс кæнуй, æ уойбæрцæ хуарз менеугутæ æма фæлтæрддзийнадæй сæ царди æнтæстгинæй ке испайда кæндзæнæнцæ æма ин ке уодзæнæнцæ аккаг фæдонтæ.

* * *

*Мах ба абони еумахатт зæрдиагæй арвæ кæнæн Сергей Якови фуртæн, нæ Исфæлдесгмæ ин ковæн, цæмæй берæ-берæ æнæнзти æнæнезæй æма зæрдæрохсæй цæра!..*


**Сергей ПЛАХТИЙИ финст киунугути рацудбæл хъæбæр æхцæуæнæй исæмбæлунцæ дзиллæ, зæрдиагæй сæ фæккæсунцæ.**

**Номдзуд композитор, нæ национ музыкалон культури сæрбæлтау æновуд архайæг Долидзе Виктор Ивани фурти райгурдбæл 18 июли æнхæст кæнуй финддæс æма æхсæзинсæй анзи (1890-1933).**

☺ Психиатр поздравляет своего пациента с прогрессом в лечении. Пациент возмущается:
– И это вы называете прогрессом? Шесть месяцев назад я был Наполеоном, а сейчас – никто...

☺ Мой вес – практически как хвост ящерицы. Я его теряю– теряю, а он заново растет.

☺Чем старше становлюсь, тем аккуратнее чихаю, чтобы ничего не отвалилось и не посыпалось.



# ЗАЙÆГОЙТИ РУГÆ ÆМА УОЙ ФУДÆЙ НЕЗТÆ

***Сæрдигон рæстæг ка æхснирсун райдайуй, ка хуфун, кæмæндæр ба æ цæстисуг кæлун райдайуй. Е æй аллергия, дохтиртæ ма аци нез хонунцæ «уалдзигон поллиноз». Аллергия ци æй, циуавæр незихатт æй, уой медицинæ амонуй уотæ: нез расайунцæ кæцидæр бауæргъæдтæ – аллергентæ – уæлдай хъæбæрдæр сæ ка фенкъаруй, уомæ фæззиннуй поллиноз кенæ ба – аллергийæ.***

Аллергийæ ке тухсун кæнуй, етæ, ка ’й зонуй, æма лæдæргæ дæр нæ фæккæнунцæ, сæ гъигæдарæг аллергентæ сæ алливарс, аллирдигæй ке ’нцæ, уой. Аллергентæ æнцæ берæ аллихузон – ке нæ къæхти буни горцъетæбæл кенæ фæрстæбæл ци ругæ æрбадуй, е гъигæ даруй, ке æ хæдзари рази ци бæласæ ирæзуй, уомæн æ деденæги ругæ, ке ба багъигæдардта æзинæ ци хуасæ баниуазта, е æма уотæ идарддæр. Адæймаги организммæ бахаунцæ уæлдæфæй дæр, æ уолæфæнтæй дæр, сауæнгæ укол кæнгæй дæр. Беретæн ба сæ нез расайæг æй амбрози, бæлвурддæр зæгъгæй – æ ругæ.

Поллиноз алкæддæр фæззиннуй анзи еци-еу афони æма æхе æвдесуй еци-еу хузи: амбрози æ тæккæ деденæгкалуни ку фæууй, уæд нез дæр искарз уй. Фал куддæр деденæг калд фæууй, уотæ адæймаг дæр æ незæй фæйиервæзуй.

Мадта бонигъæдæ дæр ахедуй поллинозæй сæйгити уавæрбæл: уаруни рæстæг син фæууй æнцондæр, сор, тæвдæ бони ба бустæги лæгъуз. Айдагъ æхснирсун æма цæстисугæй гъуддаг нæбал фæххецæн кæнуй, исбæрзонд уй бауæри тæвдæ, сæр тъæппитæ хаун райдайуй, сæйгæ мæстгун дæр исуй. Еу-цуппар анзи æма уомæй фулдæр аци незæй ка сæйуй, уонæмæ аллергия расайуй никки уæззаудæр незтæ – гайморит, бронхиалон астмæ æма æндæртæ.

Аллихузи ругтæ ке гъигæдарунцæ, поллинозæй уæхæн сæйгитæ гъæуайкæнуйнаг æнцæ, тæссагдæр син ка ’й, уæхæн тухтæй. Циуавæр æнцæ еци тухтæ? Фиццагидæр, етæ æнцæ адæймаг еудадзуг сæйгæ кæмæй æй, еци незтæ. Поллинозæй сæйгитæ куд дзорунцæ, уотемæй, ругæ сæ ку нæма гъигæдардта æма сæмæ аллергия ку нæма адтæй, уæд уой размæ садæнцæ æндæр незтæй, æма еци незти профилактикæ еци-еу рæстæг æй профилактикæ поллинозæй дæр.

Поллиноз адæймагмæ куддæр фæззиннуй, уотæ, æнæмæнгæ, гъæуама бацæуа дохтир – аллергологмæ. Е ин æ уавæрмæ цæстæ дардзæнæй, кæдмæ гъæуа, уæдмæ. Сæйги гъæуй хе гъæуай кæнун, ка ’й гъигæдаруй, еци ругæй, гъома, æнхæст кæнун гъæуй нези профилактики мадзæлттæ:

Ци деденæги ругæ æй гъигæдаруй, уомæн æ ругæкалуни рæстæг адæймаги гъæуй рацæун, еци деденæг кæми нæ зайуй, уæхæн рауæнмæ;

Сæумæй раги æндæмæ цæугæ нæй;

Хор бони сæумæй æндæмæ рацæугæй, бакæнун гъæуй кæсæнцæститæ, фий ба æмбæрзун уомæл къохмæрзæнæй;

Сор думги рæстæг къæрæзгитæ гъæуй æхгæдæй дарун;

Уатмæ кæдзос уæлдæф уадзун гъæуй айдагъдæр уаруни фæсте;

Адæймаг бонæ дууæ хатти æхебæл гъæуама дон æркала;

Гъæунгæй хæдзарæмæ æрбацæугæй дзиккотæ гъæуй нихснун.

Поллинозæй сæйгитæ се ’нæнездзийнадæбæл гъæуама уæлдай хъæбæрдæр тухсонцæ, сæ цæстæ фулдæр даронцæ ОРВИ, грипп æма иннæ инфекцион незти профилактикæмæ. Æргом уæлдай хъæбæрдæр æздахун гъæуй организм федардæр кæнуни гъуддагмæ. Физикон æгъдауæй федар ка уа, уомæн незтæй, уой хæццæ аллергентæй дæр тæссаг нæй.

Профилактикон мадзæлттæй сæ ахсгиагдæр еу æй кæрдæгутæ æма заййæгойтæ афойнадæбæл никкæрдун, уæд етæ уæлдæфмæ сæ ругæ нæ калдзæнæнцæ, е ба, ке зæгъун æй гъæуй, адæми æнæнездзийнадæбæл хуæздæрæрдæмæ фæззиндзæнæй. Æма еци гъуддагбæл гъæуй нæ еугурейдæр еумæйагæй архайун.

***Æрмæг цæттæгонд æй медицинон профилактики Республикон центри специалистти амунддзийнæдтæмæ гæсгæ***

## ПАЙДАЙАГ ЗОНУЙНАГ



# МУДÆН СИ ÆМБАЛ НÆЙЙЕС

Биндзити мудæй адæймаг алли незтæй æхе дзæбæх кæнун базудта хъæбæр раги. 3500 анзей размæ мисийрæгтæ зудтонцæ мудæй цæфтæ дзæбæх кæнун.

Игъустгонд бердзейнаг дохтир Гиппократ 2500 анзей размæ æ киунугæ «Цæфти туххæй»-и финста мудæй пайда кæнуни рецепттæ.

Нуртæккæ дæр адæмон медицинæ урух пайда кæнуй мудæй аллихузон незти нихмæ. Мудæй бауæри цæф ку байсæрдай, кенæ цæфбæл мудæй компресс ку исæвæрай, уæд цæфмæ тог хъæбæрдæр цæун райдайуй, кæдзосгонд цæунцæ бауæри игуртæ, æма тагъд исдзæбæх уй.

Муд хъæбæр агъаз кæнуй ахсæни незтæн. Хуæздæр æй, мæтъæл дони æй ниттайун кæнгæй, ниуазун сехуари æма рæфтади хуæрдæй 1-2 сахатти раздæр. Изæрæй ба муд ниуазун гъæуй æхсæвæрæй æртæ сахатти фæстæдæр.

Муд агъаз кæнуй нервити æнцойнæдзийнадæн, хуæздæр фунæй кæнунæн.

Мудæй пайда кæнунцæ зæрди, тогдадзинтти незтæн.

Кæнунцæ си аллихузон исæрдæнтæ цæститæ æма бауæри незтæн.

Адæймаги уазал ку бацæуа, уæд ин дæттун гъæуй тæвдæ цай, кенæ фунх æхсир, муд сæбæл никкæнгæй.

Еске зæгъдзæнæй аци рæстæги алцидæр хъазар ку æй, уæд пенсиесæгæн муд æлхæнун æ бон кæми бауодзæнæй.

Раст зæгъгæй, муд хъазар æй. Фал, афтекти ци хуастæ уæйæ кæнунцæ, етæ асландæр æнцæ? Нæ ’нцæ. Муд ба хæдзари уавæрти æфснайдæй дарæн ес дæргъвæтийнæ рæстæги, æма си багъæуаги рæстæги пайда кæнун нези нихмæ.

Æ фадуат кæмæн æй, е ба ’й аллибон дæр хуæрæд, æ зæрдæ куд агоруй, уотæ.

Дохтиртæ куд амонунцæ, уотемæй рацæргæ адæймаг сутки дæргъи 60-100 грамми муд ку хуæра (еци-еу хуæрдæ нæ), уæд е хуарз агъаз æй е ’нæнездзийнадæ, æ психикæ æма нервтæ федардæр кæнунæн.

Мадта хуæретæ муд, нæ хъазар хестæртæ, æма фулдæр цæрдзинайтæ æнæнез æма игъæлдзæгæй.

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службæ Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **550.** Заказ **№ 1496.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 11.07.2025.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 11.07.2025.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**